

Lis datant pou lisans sipèvizyon nan tout vil la pou veteran ameriken yo ak moun ki andikape yo: Fòm Aplikasyon Enstriksyon

Ki moun ki ka aplike

Ou ka aplike pou yo mete w sou lis datant minisipal sa a pou lisans sipèvizyon si ou:

- Gen 18 an oswa plis.
- Genyen yon lisans valab kòm machann nan lari pou pwodui alimantè (badj idantifikasyon) ki soti nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk la.
- Se yon veteran ameriken oswa ou gen yon andikap.

Si ou pa gen yon lisans valab kòm machann nan lari pou pwodui alimantè, ou dwe jwenn youn anvan ou aplike pou yo mete w sou lis datant sa a. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon lisans machann nan lari pou pwodui alimantè, rele 311 oubyen vizite sit entènèt la.nyc.gov/health/mobilefood.

Definisyon

- **Veteran ameriken:** Nenpòt moun ki te sèvi aktivman nan Fòs Ame Etazini epi ki te resevwa yon demisyon militè (apre yo te demobilize li) lòt pase yon demisyon dezonè.
- **Moun ki andikape:** Nenpòt moun ki gen oswa ki te gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite anpil youn oswa plizyè aktivite enpòtan nan lavi epi ki gen yon istwa andikap sa a.
 - Yon **andikap fizik** se yon maladi fizyolojik oswa yon kondisyon oswa yon pèt anatomik ki afekte youn oswa plis nan sistèm kò sa yo: newolojik; miskiloskelèt; ògàn sansoryèl espesyal; respiratwa (ki gen ladan ògàn lapawòl); kadyovaskilè; jenito-urinè, ematopoyetik ak lenfatik; oswa kutane ak endokrin. Men kèk egzanp, men pa limite a: pwoblèm ortopedik, pwoblèm vizyèl, pwoblèm lapawòl ak pwoblèm tandè; paralizi serebral; distrofi miskilè; ak esklewoz miltip.
 - Yon **andikap mantal** anglobe nenpòt twoub mantal oswa sikolojik tankou defisyans entelektyèl, sendwòm serebral òganik, maladi emosyonèl oswa mantal, ak twoub aprantisaj espesifik.
- **Veteran ameriken ki andikape:** Yon veteran Fòs Ame Ameriken ki sètifye pa Depatman Afè Veteran Ameriken an kòm yon moun ki gen yon andikap 10% oswa plis (li te pran pandan sèvis aktif nan Fòs Ame Ameriken yo).

Kijan pou aplike

Etap 1: Ranpli fòm aplikasyon ou an.

- Si ou pa gen yon fòm, ale sou nyc.gov/health/mobilefood epi chèche "Citywide Supervision Licensing Waitlist Application Form for People with Disabilities and U.S. Veterans". Ou kapab rele **311** tou epi mande pou "manje mobil" pou yo voye aplikasyon an ba ou pa lapòs.
- Ranpli fòm lan an Anglè epi li enstriksyon sa yo pou chak seksyon.

Enfòmasyon pèsònèl

Ranpli seksyon sa a ak enfòmasyon pèsònèl ou, tankou nimewo lisans machann manje nan lari ou, sof si li deja ranpli pou ou. Pa kite anyen vid nan seksyon sa a.

Chwazi yon kategori

Seksyon sa a mande ki kategori ki pi byen dekri ou: yon veteran ameriken ki andikape, yon moun ki gen yon andikap oswa yon veteran ameriken (san andikap). Priorite pou pozisyon sou lis datant sa a pral nan lòd sa a. Si ou chwazi plizyè kategori, y ap ba ou kategori ki pi wo a ke ou kalifye pou li a.

Dokiman ki nesèsè pou jistifye kalifikasyon

Lè yo chwazi w sou lis datant sa a pou aplike pou yon lisans sipèvizyon pou tout vil la, w ap bezwen bay prèv kalifikasyon pou kategori ou te chwazi sou aplikasyon lis datant ou an. Si ou pa kapab bay prèv sa a nan moman sa a, y ap rejte aplikasyon w lan. Men dokiman ou pral bezwen pou etabli prèv yo:

- **Veteran ameriken ki andikape:** Yon lèt orijinal ki soti nan Depatman Afè Veteran Etazini ki ateste ke ou souffri yon andikap ki gen rapò ak sèvis.
- **Moun ki andikape:**
 - Yon lèt oswa sètifika orijinal ki dekri aklè andikap fizik oswa mantal ou epi ki gen yon siyati notarye nan men:
 - Yon doktè ki gen lisans, yon oftalmològ, yon optometris, yon sikològ, **OSWA**
 - Yon reprezantan otorize nan yon ajans sosyal ki aplike pwogram pou moun andikape an kolaborasyon avèk yon ajans leta epi kote aplikan an benefisye sèvis tankou, men pa limite a, biwo reyabilitasyon pwofesyonèl leta a.

OSWA

- Yon sètifika ki date mwens pase ennan ki etabli andikap fizik oswa mantal aplikan an, tankou, men pa limite a, verifikasyon yon egzanspsyon nan taks sou revni oswa benefis sekirite sosyal ki baze sou yon andikap fizik oswa mantal.

• **Veteran ameriken:**

- Yon dosye sèvis orijinal ki soti nan Depatman Afè Veteran Etazini

OSWA

- Yon fòm DD214 orijinal ki soti nan Depatman Afè Veteran Etazini an

OSWA

- Yon kopi tip #4 nan fòm DD214 orijinal ou a ki soti nan Depatman Afè Veteran Etazini an.

Biwo rejyonal Depatman Afè Veteran Etazini an sitiye nan 245 W. Houston St., New York, NY 10014. Nimewo telefòn biwo rejyonal la se 800-827-1000.

Etap 2: Tanpri voye fòm aplikasyon w lan byen ranpli pa imèl oswa pa lapòs anvan 28 avril 2026.

- Ou ka soumèt yon sèl fòm aplikasyon. Si ou soumèt plizyè aplikasyon, n ap aksepte sèlman premye a ou voye ban nou.

- Pou soumèt fòm ou an, ou **kapab**
 - Voye l pa imèl bay **mfvpermitwaitlist@health.nyc.gov**..
 - Voye li bay:
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York
Lis Atant Pèmi MFV
125 Worth Street, C.N. #1,000
New York, NY 10,013
- Yon fwa lis datant lan kreye, w ap resevwa yon lèt ki enfòmè w sou sitiyasyon w lan.